


Munhu angabira Mwari here



Munhu angabira Mwari here?

Jerry Bates

Munhu angabira Mwari here? Mazwi aya akabvunzwa naMarakai kuvanhu velsiraeri; (3: 8), achivapomera mhosva yekubira Mwari. Ndine chokwadi kuti vanhu ava vaisaziva kuti vaibira Mwari. Uyezve ndinofunga kuti ndizvo zvaifungawo valsaeri. Pamusoro pezvo mumwe wemutemo ine gumi inoti "usaba" (Eksodo 20:15). Asi ndizvo chaizvo zvainzi naMalakai vaiita.

Vaibira sei Mwari? Malakai akapindura akati vakamubira muzvegumi nezvipiriso zvavo (3: 8, 9). Havana kuunza chegumi chakataurwa naMwari, uyezve pakupa zvipiriso zvavo vaipa zvakaremara nezvairwara (1: 8), mhuka dzaisakwanisika kupa kunyangwe kumutungamiri wepasi pano (1: 8). Pavairamba kupa zvaifanira kuva zviriri zvaMwari vaimubira.

Zvichipesana nehunhu kana mamiriro avo, Malakai anovayeuchidza vimbiso yaMwari yekubaropafadza nezvinobatika kana vachinge vapa iye kutanga (3: 10-12).

Tinofanira kufungisisa pamusoro pemubvunzo uyu: Munhu angabira Mwari here? Chinhu chatinoziva kunzwa muKristu achipa zvikonzero zvekutadza kubvisa kana kupa kwake achiti hakuna munhu angava Jesu kana muApostora akataura kuti tipe chegumi. Icho ichokwadi, asi kusataurwa kwazvo hazvirevi kuti takanzi hatifanire kupa. Nekuda kweyambiro yaMweya Mutsvene, Pauro anonyora kuvaKorinte, "Nomusi wokutanga wevhiki, mumwe nomumwe wenyu ngaakamure zvimwe kumba kwake, avunganidze, paakawana napo, kuti zvipo zvirege kuvunganidzwa, kana ndichisvika." (1 vaKorinte 16: 2).

Kristi ane zvakawanda zvaangataura pamusoro pezvinhu zvinobatika zvedu nekuti anoziva pamusoro pemari nezvatiinazvo kuti zvinogona kuva mutedzo wakasimba unogona kupihwa kumunhu pahondo yaSatani naMwari. Ndima dzakawanda mushoko

raMwari dzinotaura hunhu hwemunhu pamusoro pezvinhu zvaMwari zvavakachengeta.

Kuna Ruka 21, Jesu anoona vapfumi vachipa zvipo zvavo kunalshe. Akaonazve, chirikadzi murombo achipa mamaira maviri chete. Maira imari duku yaishandiswa nemaJuda iine huremu husiku duku. Tichienzanisa nemari zhinji dzaiipihwa nemupfumi, yainge yakakodzera. Asi Jesu wakamuti apa zvakawanda kupfuura vazhinji nekuti akapa zvole zvaanga ainazvo (21: 3, 4). Sei aishuwirawo kupa zvakawanda? Nekuti mamaira maviri akapihwa kubudikidza nerudo. Chipa chake chaiva chiduku asi rudo rwake rwakakura.

Chirikadzi murombo handiye ega anopa zvakasununguka muTestamente Itsva. Kuna 2 vaKorinte 8 muApostora Paulo anotaura kumaKristu eMacedonia pamusoro pekupa kwavo kwakanaka izvo zvaizobatsira hama dzepaJerusalema. Hama dzepaMacedonia, Paulo anotsanangura kutambura nekushaiwa kwavo (8: 2). Mazwi aya anobuditsa pfungwa dzekuva murombo pakuwana kwako. Mumwe mutauri anoti pachirungu kuti "rock bottom poverty". Kunyangwe zvakadaro nekurambura kwavo vakapa zvakasununguka. Paulo akafunga kuti vakapa zvakawanda! Imboonawo izvi: VaHedeni vakapa nemoyo wese kubatsira maJuda, asi vazhinji vavo vaisavada! Sei vakapa nemoyo wise? Vakapa nekuda kwerudo rwavo rwakanyanya kunaMwari. Vakapa nemoyo wise nekuti vakatanga kuzvipa ivo kutanga kunaShe (2 vaKorinte 8: 5).

Sei tichipa? Hatipe kuti tippedzise basa. Dai chaiva chokwadi vazhinji vedu taisapa, nekuti hatigoni kupa zvinokwana pachedu kuti tippedzise.

- Tinopa kuti tirumbidze nekukudza Mwari
- Tinopa nekuda kwerudo rwedu rwakakura kuMwari, uye tinoratidzwa rudo rwedu nekupa. Kana tikapa zvishoma zvoreva kuti rudo rwedu nekuvimbika kwedu kunaMwari kuduku. Rudo rwaMwari kwatiri rwakakura kupfuura zvatingafungidzira; naizvozvo tingamira sei pamberi pake, tiine rudo ruduku mumoyo yedu kuna uyo akaita zvole kwatiri?
- Tingapa zvakawanda sei?

- MaJuda vaitarisirwa kupa chegumi, asi paingova pekutangira.
- Uyezve kwaiva nekupa zvaunoda uye zvimwechetevo zvipiriso panguva dzakakosha.

MaKristu mazhinji anofunga kuti varombo. Hongu zvinogona zvichienderana navo. Zvatinopa zvinofanirwa kuenderana nekupihwa kwarakaitwa naMwari. Chirikadzi murombo akasara asina chinhu abva mukupa. Hama dzepaMacedonia dzakapa nekushaiwa kwavo. Hatifanire kupa chikonzero chekushaiwa kana tatadza kupa. Mwari vanotarisa moyo votitonga, kwete nekuda kwekukura kwechipo, asi nekuda kwekuti rakaropafadzwa sei, uye ririkuda kupa zvingani.

Patinozvipa kuna Mwari, huwandu hwezvatinopa haungava mubvunzo wakakura. Tinopa zvose zvatinkwanisa, kana kupfuura zvingafungwa nevamwe kuti tinokwanisa. Pamusoro pazvose, takazvipa isu kunaMwari, saka Mwari vane zvose.

Mwari vakativimbisa kutiropafadza kana tichinge tapa iye kutanga. Jesu vanoti, " Ipai, nemi muchapiwa; vachakupai pamavoko enyu chiyero chakanaka, chakatsikirirwa, chakazunguzirwa, chakaita mupfunga; nokuti nechiyero chamunoyera nacho, muchayerwa vo nacho." (Ruka6: 38). Maraki 3: 10 yaiva vimbiso yaMwari, " Uyai nezvegumi zvose muimba yokuvigira, kuti zvokudya zvivepo mumba mangu, mundiidze naizvozvi zvino ndizvo zvinotaura Jehovha wehondo muone kana ndisingakuzaruriyi mahwindo okudenga, ndikakudururirai mukomborero wamuchashaiwa pokuisa."

Ichi hachisi chivimbiso chekubudirira, asi ivimbiso yaMwari kuti vachatiropafadza nezvinhu zvatinkoda muhupenyu.

Munhu angabira Mwari here? Uyu mubvunzo wakadzama, uye mhinduro imwechete kunyangwe nhasi kana nguva yaMaraki. Handifungi kuti MuKristu ungafunga kuti arikubira Mwari. Naizvozvo kana tichitatdza kupa sezvaanotaririra, zvimwe chete zvatirikuita.

WORLD EVANGELISM TRACTS